

WIDA ACCESS for ELLs 2.0 (Egzamen AKSÈ WIDA pou Moun k Ap Aprann Lang Anglè 2.0 yo)

Kisa ACCESS for ELLs 2.0 a ye?

ACCESS for ELLs 2.0 a se yon evalyasyon sou Metriz Lang Anglè pou Klas Matènèl rive nan 12yèm Ane. Yo bay tès la chak ane pou ede distri lekòl yo kontwole devlopman lang Anglè elèv yo idantifye kòm moun k ap aprann lang Anglè yo.

Ki objektif egzamen an?

ACCESS for ELLs 2.0 a mezire kapasite elèv yo pou konprann epi konstwi konvèsasyon Anglè nan etablisman lekòl yo. Kat seksyon egzamen an se Ekout, Lekt, Pale ak Ekri.

Poukisa pitit mwen an dwe pran egzamen an?

Yo idantifye pitit ou a kòm yon moun k ap aprann lang Anglè. Pitit ou an ap pran egzamen an chak ane jiskase rezilta li yo reponn a kritè pou soti nan pwogram sipò pou lang lan. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon sou kijan yo te idantifye pitit ou a kòm yon moun k ap aprann lang Anglè.

Kilè pitit mwen an ap pran egzamen an?

Chak eta fikse yon delè pou lekòl yo bay ACCESS for ELLs 2.0 a. Lekòl yo pwograme kilè elèv yo ap pran kat seksyon egzamen yo pandan peryòd delè egzamen an. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon presi sou kilè yo planifye pou pitit ou a pran ACCESS for ELLs 2.0 a.

Kijan yo itilize rezilta egzamen yo?

Rezilta ACCESS for ELLs 2.0 a ka itilize nan plizyè fason. Paran yo ka itilize rezilta yo pou defann pitit yo. Pwofesè yo itilize rezilta yo pou planifye enstriksyon ak evalyasyon yo. Distri yo itilize rezilta yo pou evalye pwogram sipò lang yo a, pou kontwole pwogrè elèv yo lè y ap aprann Anglè, epi pou detèmine si yon elèv kalifye pou soti nan yon pwogram sipò lang Anglè. Yo itilize rezilta yo tou pou reponn a egzijans pou bay rapò a eta a.

Kesyon pou Poze

Paran yo ka itilize kesyon sa yo pou jwenn plis enfòmasyon konsènan eksperyans pou teste pitit yo:

- Kijan pitit mwen an ap pran egzamen an?
- Kilès k ap bay pitit mwen an ACCESS for ELLs 2.0. a?
- Ki kote pitit mwen an ap pran egzamen an?
- Èske gen yon moun nan lekòl la ki eksplike egzamen an a pitit gason/fi mwen an?
- Èske tout pwofesè pitit mwen yo okouran ke l ap pran egzamen an?
- Si pitit mwen an gen yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP: Individualized Education Program), ki aranjman y ap fè pou li pandan egzamen an?
- Kilè e kòman y ap pataje rezilta egzamen yo ak mwen?

Kontakte lekòl pitit ou a si w gen kesyon konsènan ACCESS for ELLs 2.0. a.

ACCESS for ELLs nan Klas Matènèl

Elèv ki nan Klas Matènèl yo pran egzamen sou pape ki fè elèv yo travay avèk kat, liv, ak atik egzamen ki apwopriye ak klas yo.

Elèv nan nivo klas sa yo pran egzamen an nan fason endividyèl ak yon administratè egzamen.

Tèm Kle pou Konnen

Moun k ap aprann lang Anglè se elèv ki kalifye pou resevwa soutyen nan lekòl pou lang Anglè.

Metriz lang se yon mezi ki di ki kote elèv yo ye nan pwosesis devlopman lang lan.

Devlopman lang se yon pwosesis ki pran tan. Elèv yo avanse nan pwosesis sa nan ritm ki diferan.